



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 19 out 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FÒMASYON SOU ENTÈNÈT POU YON KÒ PREPARASYON SITWAYEN

Fòmasyon sou entènèt la bay Nouyòkè yo konesans debaz sou fason pou prepare tèt yo pou dezas ak ijans

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke fòmasyon kò preparasyon sitwayen an disponib kounye a nan yon vèsyon kondanse sou entènèt. Fòmasyon sa a pran fondasyon kou Fòmasyon Corps pou Sitwayen an-pèsan nan epi li pèmèt moun wè yon vèsyon ki pi kout nan òdinatè yo oswa aparèy seliliè yo.

“Pandan ane ki sot pase yo, modèl move tan te rann yon bagay byen klè nan New York—nou dwe fè tout sa nou kabap pou prepare kominote nou yo pou reponn nan ka yon dezas,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Kò preparasyon sitwayen an bay Nouyòkè yo zouti ak konesans yo bezwen pou sèvi kòm premye sekouris nan pwòp kay yo, e lè yo ofri sesyon fòmasyon sou entènèt nap etann konsiderableman etandi resous enpòtan sa ak pwoteje kominote yo nan eta. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou pran avantaj nan fòmasyon sa a ak pou aprann sou fason yo ka vini pi byen prepare nan ka yon ijans.”

Fòmasyon sou entènèt la disponib nan www.prepare.ny.gov/training-events. Itilizatè yo pral klike sou bouton ki di “Launch Online Training,” apresa yo pral jwenn yon videyo douz minit ak yon ti egazem kout pou demontre sa yo te aprann lan.

Fòmasyon Kò Preparasyon Sitwayen Eta New York te lanse nan mwa fevriye ane sa avèk objektif pou fòme Nouyòkè yo sou fason pou prepare tèt yo, fanmi ak kominote yo pou dezas ak ijans. Fòmasyon sa a te kreye pa ekspè nan Divizyon Homeland Security ak Biwo Sèvis Ijans nan Jesyon Ijans ak Biwo pou Prevansyon ak kontwòl Dife e ki dirije pa enstriktè yo ki soti nan Divizyon Militè ak Afè Naval. Jiska dat, plis pase 75 evènman anpèsan te òganize nan tout eta New York.

Komisyonè Sèvis Dijans ak Divizyon Homeland Security Jerome M. Hauer te deklare, “Fòmasyon kondanse sa klas fòmasyon kò preparasyon sitwayen se yon lòt mwayen pou atenn plis moun ak pou fè yo konsyan sou enpòtan pou yo gen yon plan si yo fòse nan yon ijans. Bay sitwayen yo yon konpreyansyon debaz sou preparasyon ijans sove lavi e li ede premye sekouris yo ansanm avèk lòt pèsanèl ijans reponn lè dezas la frape.”

Haitian Creole

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fòmasyon kò preparasyon sitwayen eta New York vizite sitwèb la nan www.prepare.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE